

## Antewobakteri ki rezistan ak Carbapenem (Carbapenem-resistant Enterobacteriaceae, CRE)

### Kisa Antewobakteri ki rezistan ak Carbapenem (CRE) nan ye?

Antewobakteri yo se yon gwoup bakteri ke yo jwenn nan entesten moun. Tip ki kouran yo gen ladan espès *E. coli* ak espès *Klebsiella* yo. Carbapenem yo se yon klas antibyotik ke yo te devlope pou trete bakteri ki rezistan ak lòt medikaman yo. Akòz twòp konsomasyon antibyotik sa yo, kèk tip Antewobakteri vin rezistan ak carbapenems yo epi bakteri sa yo rele Antewobakteri ki rezistan ak Carbapenem (CRE).

### Kilès ki ka trape CRE?

Moun ki an sante yo jeneralman pa trape enfeksyon CRE yo. Nan anviwònman swen sante yo, kapab genyen prezans CRE lakay pasyan k ap resevwa tretman pou lòt kondisyon yo. Pasyan ke swen yo mande aparèy tankou vantilatè (machin pou respire), katetè irinè (pou vesi) yo, oswa katetè entravene (nan venn), ak pasyan ki sou tretman pwolonje sèten antibyotik yo arisk pou fè enfeksyon CRE yo.

### Kijan CRE yo pwopaje?

CRE yo ka transmèt atravè kontak dirèk ak yon moun ki enfekte oswa atravè kontak endirèk ak objè ki kontamine yo (tankou, ekipman medikal yo) oswa sifas anviwònmantral yo (tankou ranp kabann, manch pòt).

### Ki sentòm CRE yo?

Kèk moun genyen bakteri CRE yo nan kò yo san okenn sentòm. Lè sa yo di yo “kolonize.” Yon moun kapab kolonize pandan anpil tan anvan li vin malad oswa li kapab pa janm malad ditou. Antewobakteri yo ka lakoz divès enfeksyon ki gen ladan maladi gastwo-entestinal, nemoni, enfeksyon nan blese, ak enfeksyon anvayisan nan san an oswa nan lòt ògàn nan kò a. CRE yo lakoz menm enfeksyon yo, men li vrèman pi difisil pou trete enfeksyon yo.

### Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Tan ant ekspozisyon an ak aparisyon sentòm yo varye selon diferan tip Antewobakteri. Pou CRE yo, yo pa byen konnen nan konbyen tan sentòm yo parèt aprè ekspozisyon an. Nan pifò sitiyasyon, ekspozisyon nan CRE yo pa lakoz maladi. Moun nan kapab genyen CRE yo nan kò l, men li pa malad ditou, oswa li ka vin malad avèk CRE yo kèk jou oswa kèk semèn apres.

### Kijan yo dyagnostike CRE?

Yo itilize tès laboratwa espesyal pou idantifye bakteri espesifik ki lakòz enfeksyon yo epi ki antibyotik, si genyen, ki t ap efikas pou trete enfeksyon yo.

## Ki tretman ki genyen pou CRE?

Opsyon tretman yo depann de tip enfeksyon CRE a. Kèk enfeksyon CRE ka trete si bakteri a poko devlope rezistans kont sèten lòt tip antibyotik. Kèk tip CRE yo “rezistan kont tout” sa ki vle di ke bakteri CRE yo rezistan ak tout antibyotik espesifik yo teste yo. Si ou fè CRE, medsen ou an pral travay avèk ou pou detèmine pi bon tretman an.

## Kijan ou ka anpeche pwopagasyon CRE yo?

Lè ou pratike bon pratik prevansyon kont enfeksyon an (tankou mete yon blouz ak gan lè w ap pran swen pasyan ki fè CRE yo, ak travayè swen sante yo dwe pratike bon ijyèn men) sa ka limite pwopagasyon CRE nan anviwònman swen sante yo. Pasyan ki fè CRE yo ta dwe swiv tout enstriksyon ke founisè swen sante yo ba yo epi kite men yo pwòp, sitou aprè yo fin touche zòn ki afekte a oswa aprè yo fin itilize twalèt la.

Zanmi oswa manm fanmi k ap vizite yon pasyan ki entène lopital avèk CRE yo ta dwe swiv prekosyon ke lopital la rekòmande yo. Etablisman swen sante yo ka swiv konsèy ki dekri nan zouti pou CRE Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (<https://www.cdc.gov/hai/organisms/cre/cre-toolkit/index.html>).

## E si mwen genyen CRE yo?

Asire w ke ou enfòmè founisè swen sante a chak fwa ou ale nan yon vizit medikal, nan yon lopital, mezon retrèt, oswa yon klinik dyaliz. Pote dokiman sa a si ou bezwen èd pou sonje non bakteri a.

Swiv enstriksyon founisè swen sante ou an. Si founisè ou an preskri w antibyotik, pran yo egzakteman jan yo endike a epi fini tout tretman an, menm si ou santi w pi byen. Swiv tout lòt konsèy medikal oswa konsèy pou ijyèn ke founisè ou an ba w yo.

Lave men w ak savon ak dlo tyèd, sitou anvan ou manje oswa anvan w prepare manje, anvan ak aprè ou fin chanje pansman oswa bandaj blese yo, aprè ou fin itilize twalèt la, epi aprè ou fin mouche nen w, touse, oswa estènen. Itilize sanitayzè abaz alkòl pou men lè ou pa ka jwenn savon ak dlo. Konsèy sa yo bon pou tout moun. Asire w ke swanyan ou yo lave men yo anvan yo pran swen w. Epi tou yo ta dwe lave men yo aprè yo fin antre an kontak ak blese yo, lè yo fin ede w itilize twalèt la, aprè yo fin netwaye poupou, epi anvan ak aprè yon fin itilize aparèy medikal yo (tankou katetè irinè yo). Yo ta dwe itilize gan pou si yo ta antre an kontak ak likid kò yo oswa ak san.

## E si m ap pran swen yon moun ki fè CRE lakay la?

CRE yo se prensipalman yon pwoblèm pou moun ki gen pwoblèm medikal alabaz yo, sitou moun ki gen aparèy medikal tankou katetè irinè yo oswa moun ki gen blesi kwonik yo. Nou ka di, moun ki an sante yo pwobableman genyen risk fèb pou pwoblèm ki lye ak CRE yo.

Moun k ap pran swen pasyan ki fè CRE lakay yo dwe pridan pou yo lave men yo, sitou aprè yo fin antre an kontak ak blese yo oswa aprè yo fin ede pasyan CRE yo itilize twalèt la oswa aprè yon fin netwaye pou pou. Epi tou ed swanyan yo ta dwe asire ke yo lave men yo anvan ak aprè yo fin itilize aparèy medikal pasyan an (tankou katetè irinè yo). Sa patikilyèman enpòtan si swanyan an ap pran swen plis pase yon moun ki malad lakay la. Anplis, yo dwe itilize gan lè yo prevwa yo pral antre an kontak ak likid kò a oswa ak san.

### Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou CRE?

- Si ou gen enkyetid sou CRE yo, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Genyen yon anyè depatman sante lokal yo ki disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Depatman Sante Vijini an sou CRE yo nan anviwònman swen sante a nan <http://www.vdh.virginia.gov/surveillance-and-investigation/hai/organisms/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <https://www.cdc.gov/HAI/organisms/cre/>.

Out 2018